



Pou Piblikasyon Imedya: 09/01/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ INOVASYON ENÈJI PWÒP NAN LONG ISLAND ANBA VIZYON REFÒME ENÈJI

Premye dijestè Anayerobik a gran echèl nan zòn Metropolitan Vil New York pou trete dechè manje an enèji pwòp, avanse kominote yo nan direksyon yon avni ki pi dirab

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman yon pwojè dijestè anayerobik nan Long Island ki pral sèvi kòm yon modèl inovè sou kijan enèji pwòp sou teren an ka konsiderableman amelyore emisyon greenhouse epi sipòte kominote dirab yo. Lè nou bay Long Island yon resous jenerasyon enèji pwòp, pwojè a aliyen avèk vizyon Refòme Enèji Gouvènè Cuomo, strateji enèji konpreyansif Eta pou bati yon sistèm enèji pwòp, rezistan epi a bon mache pou tout Nouyòkè yo.

“Pwojè enteresan sa a se ankò yon lòt fason pou n investi nan yon avni enèji dirab epi bati yon New York ki pi vè ak pi pwòp,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pwojè inik sa pou Long Island ak gwo zòn metropoliten New York pral bati sou angajman administrasyon sa a pou elaji itilizasyon enèji renouvlab eta epi redwi enprent kabòn nou an.”

Nouvo dijestè anayerobik la pral opere pa American Organic Energy Long Island nan etablisman Konpòs 62 kawotè nan Yaphank, Konte Suffolk e li pral trete plis pase de fwa dechè manje ke li trete aktyèlman nan nenpòt dijestè pou dechè manje ki gen pwopriyete prive ki egziste deja kap aksepte dechè manje andeyò sit la nan Eta New York. Pwojè a pral aksepte apeprè 120,000 tòn dechè manje, 30,000 tòn grès, lwil, ak 10,000 tòn pay zèb ki soti nan rejyon Long Island chak ane ke yo te ka otreman transpòte epi jete nan dechaj yo, kontribye a emisyon gaz greenhouse ki danjere. Dijestè a pral konvèti dechè sous dlo sa yo an enèji pwòp, dlo pwòp ka itilize pou tretman plant, ak angrè ki a baz solid.

Dijesyon Anayerobik la se yon pwosesis biyolojik ki rive lè matyè òganik la dekonpoze pa bakteri nan absans oksijèn. Pandan pwosesis dekonpozisyon an, biogaz ki degaje a kapab rekipere, trete epi itilize pou jenere enèji alapas fosil konbistib tradisyonèl yo.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans pou New York te deklare, “Daprè Vizyon Refòme Enèji a, New York ap rann li posib pou inovatè yo teste epi komèsyalize solisyon enèji sofistike ki adapte inikman a bezwen kominote nou yo – yon pati enpòtan

nan bati yon enfrastrikti enèji ki pi bon mache ak efikas. Pwojè yo tankou dijestè anayerobik sa a ap pozisyon New York jodia pou rankontre avèk objektif enèji renouvlab anbisye l pou lavni.”

Pwojè a, ki prevwa pou l fini nan mwa out 2016, espere pou redwi emisyon gaz pa apre 40,000 tòn chak ane ekivalan a retire 8,125 otomobil sou wout la.

Pwojè a fè pati nan yon pwogram pou kominote ki pi vè, pi pwòp, yon gwo inisyativ nan tout eta pou ankouraje kominote yo pou entegre objektif ak prensip dirabilite nan plan ak pwojè lokal yo. Pwogram nan pèmèt kominote yo fòme patenarya kap transfòme mache yo epi kondwi a elaji deplwaman enèji pwòp, rediksyon emisyon ak jenerasyon benefis devlopman ekonomik. New York State Energy Research and Development Authority (NYSERDA) jere pwogram nan, egalman abilite kominote yo pou yo pran aksyon, bay resous teknik ak zouti pou pran desizyon sou itilizasyon latè, lojman, transpòtasyon, enèji, delvopman ekonomik ak pratik anviwonmantal, ki lakoz nan yon New York ki pi dinamik ak pi pwospè.

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG NYSERDA te deklare, “Komminote yo se nwayo objektif enèji pwòp New York e yo jwe yon wòl santral nan fè eta avanse nan direksyon yon avni ki pi dirab ak pi pwòp. Pwojè dijestè anayerobik sa a se yon etap pwogrè enpòtan pou rejyon Long Island nan diminye emisyon gaz greenhouse epi redwi materyèl ki prale nan dechaj yo bay benefis ekonomik ak anviwonmantal pou rezidan li yo.”

Tout enèji elektrik ki nesèsè pou fonksyone dijestè a ansanm avèk etablisman ki egziste deja pral jenere pa biogaz ki soti nan pwojè a. Konpos Long Island egalman planifye pou konvèti biogaz la an gaz natirèl renouvlab ki pral itilize ou alimante kamyon li yo sou teren an, redwi konsomasyon dyezèl pa 200,000 galon chak ane. Yon lòt 1.9 milyon gaz dyezèl pa ane pral konpanse nan enjekte rès gaz renouvlab ki rete a ki pwodui pa dijestè a nan rezo natirèl tiyo gaz yo nan Long Island. Sa a pral pèmèt yo itilize gaz la pou alimante veyikil yo a gaz natirèl konprese nan lòt domèn yo.

Komisyone pa Entèrim NYS Department of Environmental Conservation Marc Gerstman te ajoute, “Depatman an angaje pou travay avèk kominote ansanm avèk biznis yo pou elaji ak amelyore divèsyon òganik epi itilize nan fason pou konsève resous yo ki egziste deja, redwi enpak anviwonman epi ankouraje lòt itilizasyon materyèl dechè ki te itilize anvan. Pwojè sa a demontre ke manje ak rès manje anplis, ke yo pa kapab bay oswa itilize pou nouri bèt, yo se resous ki kapab itilize pou jenere enèji pwòp avèk rezilta final resiklaj an yon ekselan modifikasyon tè a. Pwojè eksepsyonèl sa a pral ede New York dirije wout la nan efò sa yo.”

Senatè Thomas Croci te deklare, “Mwen vle konplimante NYSERDA ak Scotts sou patenarya yo pou finanse delvopman enèji pwòp inovè pandan lap redwi emisyon gaz greenhouse ak gaspiyaj dechaj. Plizyè ane de sa, rezidan toupre yo ak pwopriyetè etablisman an te finalman kòmanse yon dialòg konstriktif pou eksplòre fason pou etabli yon pratik biznis ki pi dirab pou LI Compost ka yon pi bon vwazen. Mwen kontan pou m

konstate ke Scotts te kontinye efò sa a, e ke NYSERDA ansanm avèk REDC te rekonèt opòtinite sa a pou ankouraje enèji efikas pwòp ak amelyore anviwonman an.”

Egzekitif Konte Steve Bellone te deklare, “Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te avanse pwojè enèji pwòp nan rejyon nou an. Inisyativ tankou sa yo ankouraje epi sipòte yon avni dirab pou Eta New York. Mwen kontan ke Yaphank se kay yon kalite pwojè konsa e nap rete tann pwojè anplis tankou sa ki pral redwi kantite polyan danjere nan rejyon nou an.”

Sipèvizè Vil Brookhaven Ed Romaine te deklare, “Dijestè Anayerobik la nan Konpost Long Island lan pral, pami lòt avantaj yo, pral yon etap nan bon direksyon pou amelyore kalite lè a pou rezidan Yaphank yo kap viv toupren etablisman an. Sa a se yon lòt egzanp sou kijan gouvènman ka travay avèk sektè prive a pou ankouraje dirabilite epi pwodui yon pi gwo benefis pou anviwonman an. Map rete tann pou m wè lòt konpayi yo adopte inisyativ Gouvènè a.”

PDG American Organic Energy, Charles Vigliotti, te deklare, “Nou angaje pou nou pa bati anyen ki mwens pase etablisman tretman dechè manje ki pi sofistike nan mond lan. Nan nivo sa, nou te fè patenarya avèk, GE pou netwayaj dlo ak rekiperasyon nitritif ak ScottsMiracle-Gro pou solid ak komèsyalizasyon angrè ak distribisyon.”

Jim Hagedorn, Prezidan & PDG ScottsMiracle-Gro, te deklare, “Nou fyè pou nou youn nan pi gwo resiklè dechè vè nan Etazini avèk plis pase senk milya dechè ki itilize chak jou pa rezo nasyonal pwodui milti-medya olye ke yo ale nan dechaj yo. Envestisman ki te fèt pa American Organic Energy nan teknoloji dijestè anayerobik se plasè nan yon nouvo fason pou transfòme menm plis materyèl dechè lokal an yon rezèv pou eleman nitritif ki ka itilize ankò e li se yon valè fòmidad kòm nap kontinye etap nou pou bay yon varyete solisyon òganik pou konsomatè yo.”

Heiner Markhoff, Prezidan ak PDG, water and process technologies for GE Power & Water, te deklare, “Pou reyalize pi gwo dirabilite rejyonal ak nasyonal, nap obsève yon tandans kap ogmante kote minisipalite ak endistri yo nan peyi a konsantre plis efò yo sou solisyon rekiperasyon resous enèji net pou redwi enpak anviwonman ak ranfòse devlopman ekonomik, enkli plis nan pwodiksyon pwòp sit enèji ak dlo pwòp pa yo. GE kontan pou l fè pati nan pwojè American Organic Energy, kòm li reprezante kijan yo pral jere dechè solid nan Eta New York kòm yon posib resous enèji renouvlab.”

Ko-prezidan REDC Long Island Kevin Law, Prezidan Asosyasyon Long Island ak Stuart Rabinowitz, Prezidan Inivèsite Hofstra, te deklare, “Dijestè Anayerobik American Organic Energy a pral redwi polisyon lè ak dechaj yo, benefisye agrikilti lokal epi kreye travay. Long Island kontinye pou l benefisye nan apwòch inovè Gouvènè Cuomo a an delvopman ekonomik ak anviwonman an, ansanm avèk mendèv ki otman kalifye ak edike rejyon an.”

Kominote ki pi pwòp, pi vèt finansè grasa Inisyativ Rejyonal Gaz Greenhouse (RGGI), premye pwogram règlemantasyon ki fonde sou mache nan Etazini pou redwi emisyon

gaz greenhouse. RGGI se yon efò koperativ pami eta yo Connecticut, Delaware, Maine, Maryland, Massachusetts, New Hampshire, New York, Rhode Island, ak Vermont pou plafonnen epi redwi, emisyon gaz nan sektè enèji a.

Inisyativ REDC a se yon eleman kle nan apwòch transfòmatif Gouvènè Cuomo nan investisman Eta ak devlopman ekonomik. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk espè lokal ak moun ki konsène ki nan biznis, akademi, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York investi nan dyòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch ki baze sou kominote, apwòch soti anba pou monte ak kreye yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Apre twa seri pwosesis REDC, plis pase \$2 milya te atribye pou plis pase 2,200 kreyasyon travay ak pwojè devlopman kominotè konsistan avèk plan stratejik chak rejyon, sipòte kreyasyon oswa kenbe plis pase 130,000 djòb. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo, tanpri ale sou sitwèb regionalcouncils.ny.gov.

Enfòmasyon sou Refòm Vizyon Enèji a

Daprè strateji *Refòm Vizyon Enèji* Gouvènè a (REV), Eta New York ap stimile inovasyon enèji pwòp ak atire nouvo investisman pou bati yon sistèm enèji a bon mache, ki pi rezistan pou tout Nouyòkè yo. REV anglobe refòm règlemanntè inovè pou entegre enèji pwòp nan nwayo rezo enèji nou an, rekonsewva pwogram ak strateji pou debloke kapital prive, ak lidèchip aktif nan deplwaye solisyon enèji inovè nan pwòp etablisman piblik ak operasyon Eta. REV a pral pèmèt yon fonksyonman ekonomi enèji pwòp ak dinamik sou yon echèl ki pral stimile opòtinite pou kominote yo nan eta pou kreye travay epi kondwi kwasans ekonomik lokal, pandan lap pwoteje anviwonman nou an pou redwi emisyon gaz greenhouse ansanm avèk lòt polyan yo.

Inisyativ reyisi ki te deja lanse nan kad REV enkli NY-Sun, NY Green Bank, NY Prize, K-Solar ak yon angajman pou amelyore enèji a bon mache pou kominote yo ki gen revni fèb.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou inisyativ Gouvènè Cuomo pou refòm Vizyon Enèji, tanpri vizite <http://www.ny.gov/REV4NY>

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418